

Rezime Egzekitif

Kisa Program Amelyorasyon Transpò (TIP, ki vle di "Transportation Improvement Program") nan rejyon an ye?

Pwogram Amelyorasyon Transpò (TIP) la, se plan prensipal senk an pou transpò nan rejyon an pou pwojè asistans federal. Chak ane, MVMPO pare ak apwouve yon lis pwojè ki kandida pou resevwa finansman federal pou yon dire senk an. Pwojè yo dwe pwograme sou TIP la, pou resevwa asistans federal.

Kouman TIP la devlope?

TIP pwograme asistans federal ki soti nan Federal Highway Administration (FHWA) ak nan the Federal Transit Administration (FTA).

Nan pati "Highway" a, TIP gen de (2) prensipal pwojè asistans federal: pwojè rejyonnal ak pwojè nan nivo Eta a. Nòmalman, se kominote manm yo ki devlope pwojè rejyonnal, an kowòdinasyon avèk anplwaye MVMPO ak MassDOT. Pou pi souvan, yo limite pwojè sa yo nan yon sèl minisipalite, kote yo gen tandans pwofite rezidan yo, ak anplwaye, ak touris k ap voyaje nan minisipalite sa a. Okontrè, pwojè nan nivo Eta yo gen tandans pou yo kouvri yon pi gwo sektè jeografik ak/oswa pou yo gen yon pi gwo reyon aksyon, paske yo sipòte depasman nan tout Eta a. Pwojè nan nivo Eta a kapab sipòte tou yon objektif patikilye nan Eta a (tankou amelyore aksè nan lekòl yo, avèk pwogram Sekirite nan Wout pou Ale Lekòl la). Pifò nan pwojè FHWA TIP yo sipòte konstriksyon enfrastrikti; men sèlman, anpil pwogram asistans federal bay plizyè chwa tankou acha kapital ak konsepsyon.

Nan pati "Transit" la, TIP genyen sipò kapital ak operasyonèl pou ajans transpò nan rejyon an (MeVa). Nan pami pwojè kapital yo, gen plizyè kalite tankou ranplasman materyèl woulan, antretyen prevantif, ak modènizasyon estrikti yo. Pwojè operasyonèl yo gen fon ki afekte pou operasyon, ak pou sipòte planifikasyon pou tan kout.

Pwojè asistans federal yo jwenn sipò nan de (2) kalite finansman federal: finansman afekte ak finansman diskresyonèl. Lejislasyon federal pou transpò an sifas la devlope pwogram (yo konn rele souvan "finansman koulè") ak plafon finansman ki anrapò avèk yo, pou pèmèt Eta ak gouvènman rejyonnal yo distribye finansman federal nan pwòp pwojè yo. Finansman *afekte* yo resevwa apwobasyon kongrè, epi yo distribye ant Eta yo dapre fòmil pwogram patikilye. Nan Massachusetts, fon rejyonnal yo divize ankò dapre yon fòmil. Finansman *diskresyonèl* yo disponnib pou resipyandè yo, dapre apwobasyon federal; pou pi souvan, yo bay yo nan pwogram sibvansyon ki sou kontwòl Federal Highway Administration oswa Federal Transit Administration. *Afektasyon* yoprevwa finansman pou priyorite yo, espesyalman sa ki nan lejislasyon federal pou transpò an sifas la.

Ki pwojè ki finanse nan TIP pou ane sa a?

Sik anyèl sa a pwograme asistans federal pou pwoblèm sible sa yo:

- Amelyorasyon koridò sou Wout 114 ant Waverly Road ak Mill Street nan North Andover (2025-2028)
- Rekonstriksyon sou Wout 97 ant West Main ak Moulton Street nan Georgetown (2025)
- Amelyorasyon entèseksyon ant Wout 1 ak Merrimack Street nan Newburyport (2027)
- Yon konneksyon chimen ant Riverwalk ak Salisbury Ghost Trail nan Amesbury (2027)
- Rekonstriksyon North Avenue ant Main Street ak New Hampshire Line nan Haverhill (2027-2029)

- Rekonstriksyon Route 133 ant Shawheen Road ak North Main Street nan Andover (2029-2030)

Sik ànyèl sa a pwograme asistans federal tou pou pwojè sa yo nan Eta a:

- Ranplasman pon 1-495 nan Haverhill/Methuen (2024-2026)
- Lawrence pou rive Manchester Rail Trail (2024-2026)
- Ranplasman Basiliere Bridge nan Haverhill (2025-2027)
- Ranplasman Short Street Bridge anèlè Spicket River nan Lawrence (2026)
- Yon segman fwontyè pou rive Boston Trail ant Georgetown Road ak West Main Street nan Georgetown ak Boxford (2026)
- Amelyorasyon Wout Sekirize pou Ale Lekòl pou Community Day Arlington nan Lawrence (2026)
- Amelyorasyon Granwout sou I-93 ant Andover ak Tewksbury (2026)
- Ranplasman pon sou Tewksbury Street ki pase anèlè MBTA Commuter Rail nan Andover (2026)
- Ranplasman pon ki pase sou Merrimack River nan Andover (2026)
- Yon segman fwontyè pou rive Boston Trail ant Georgetown Road ak Byfield nan Georgetown ak Newbury (2027)
- Ranplasman twa kannivo nan Haverhill sou Wout 110 (2027)
- Prezèvasyon pon I-495 nan Lawrence
- Ranplasman pon sou Wout 213 kote li pase anèlè Methuen Rail Trail nan Methuen (2027)
- Amelyorasyon Wout Sekirize pou Ale Lekòl pou Bagnall Elementary nan Groveland (2028)
- Revètman ak travay anrapò avèk li sou Wout 28 nan Andover (2029)

Sik ànyèl sa a pwograme tou plizyè pwojè transpò ki pèmèt Merrimack Valley Transit (MeVa) fè sèvis wout gratis pandan tout ane a, ak fè sèvis paratranspò, ak kenbe veyikil ak lòt enfrastrikti.

Tablo finansye ki pi ba la yo kapab tradwi, pou moun ki mande.